



AMELYORASYON BON MACHE/GRATIS nan pwopriyete

**MWENS
depans nan enèji**

**PLIS
konfò**



Li fasil pou kòmanse

Rele **1-877-NYSMART** pou
jwenn plis enfòmasyon
epi fè demann

Oswa ale sou **nyserda.
ny.gov/empower-apply**
epi ranpli yon demann
jodi a

Fè kay ou oswa apatman ou boule mwens enèji

EmPower+ se yon pwogram ki ede fanmi nan NY ki gen revni ba ak mwayen ekonomize enèji ak lajan gras a amelyorasyon nan pwopriyete yo. EmPower+ se pou mèt kay ak lokatè bilding pou 1-4 fanmi nan Eta New York.

Yon ti amelyorasyon pote gwo diferans

Detwa ti amelyorasyon nan enèji ka pèmèt ou ekonomize lajan sou bòdwo enèji ou yo. Men kèk egzanp amelyorasyon ou ta ka resevwa — gratis!

- Evalyasyon Enèji nan Kay la
- Nouvo limyè ki pa boule anpil enèji
- Izolasyon
- Detektè Monoksid Kabòn/Lafimen
- Anplis de sa, n ap montre ou lòt jan ankò pou sèvi ak mwens enèji chak jou, pou w ka ekonomize plis lajan toujou

Gen fanmi ki gen dwa kalifye pou lòt amelyorasyon tou pou bon mache oswa gratis, tankou:

- Izolasyon grenye, mi, ak sipò ki arebò atè a
- Rediksyon kouran dè
- Bagay pou sante ak sekirite
- Izolasyon anba kay sou wou
- Ranplasman frijidè/frizè ki boule twòp enèji

Èske ou kalifye? Ann gade!

Amelyorasyon bon mache/gratis nan konsomasyon enèji an disponib pou mèt kay ak lokatè ki gen revni ba ak modere. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 1-877-NYSMART oswa ale sou nyserda.ny.gov/empower-apply epi ranpli yon demann jodi a.

Lè yo fin apwouve ou, yon founisè sèvis k ap patisipe nan pwogram nan ap pran randevou avè w pou yon evalyasyon konsomasyon enèji gratis nan kay ou apatman ou. Evalyasyon w lan pral idantifye ki opòtinite amelyorasyon ki genyen epi pèmèt jwenn fason nou ka ede lakay ou vin yon anviwònman ki boule mwens enèji, ki pi bon pou lasante epi ki pi konfòtab — pandan w ap ekonomize lajan.

